

Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON K AP PÈMÈT TIMOUN YO ADOPTE YO RESEVWA BATISTÈ SÈTIFYE LÈ YO GEN 18 TAN

Lejislasyon an ap Pèmèt Timoun yo Adopte yo, Desandan Dirèk oswa Reprezantan Legal yo Resevwa Yon Batistè Sètifye

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon k ap pèmèt timoun yo adopte yo resevwa yon kopi sètifye batistè yo pou premye fwa lè yo gen 18 tan. Mezi sa a (S3419/A5494) ap ede asire tout moun New York ki nan laj adilt yo adopte pral gen menm dwa san restriksyon pou yo jwenn enfòmasyon sou nesans yo ak paran byolojik yo.

"Kote yon moun soti enfòme kimoun ou ye, epi chak Nouyòkè merite jwenn aksè a menm dosye nesans yo - se yon dwa moun fondamantal", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan twò lontan, yo te refize bay moun yo adopte yo aksè a enfòmasyon sa a yon fason enjis epi mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa a vin lwa epi korije inegalite sa a yon fwa pou tout."

Lejislasyon sa a retire dwa ajans gouvènman yo genyen pou yo limite kalite enfòmasyon yo mete disponib pou moun yo adopte yo epi retire obstak ki te konn anpeche yo resevwa enfòmasyon sou paran byolojik yo pou yo ka idantifye done medikal ki ka anpeche maladi evitab oswa lanmò sibit. Daprè nouvo lwa sa a, reprezantan legal oswa desandan yon moun yo adopte pral kapab jwenn aksè tou a batistè a si moun yo adopte a mouri.

Senatè Velmanette Montgomery te deklare, "Mwen vrèman fyè anpil pou m te prezante Pwojè Lwa Pwòp sou Deklarasyon Dwa Adopte yo (Clean Bill of Adoptee Rights) epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l siyen moso lejislasyon istorik sa a. Sa te dwe fèt depi byen lontan deja. Nou dwe siksè nou gras a defans anpil milye adilt yo te adopte lè yo te timoun ki te lite san pran souf pou abòde pwoblèm sa a pandan plis pase 20 tan. Nivo sipò mwen te resevwa pou lejislasyon sa a nan men adilt yo te adopte lè yo te timoun toupatou nan eta a ak nan nasyon an te enkwayab. Li enpòtan pou yo gen dwa pou yo chache jwenn repons sou sante yo, istwa fanmi yo ak eritaj yo".

Manm Asanble David I. Weprin te deklare, "Lè yo siyen pwojè lwa sou dwa moun yo adopte sa a, se yon trè gran pa vè lavan pou moun yo adopte toupatou nan Eta New York. Apre anpil deseni, moun yo adopte yo pral resi pataje menm dwa moun ak dwa sivil ak lòt Nouyòkè yo ki gen aksè lib a istwa fanmi yo ak antesedan medikal yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske l siyen pwojè lwa istorik sa a k ap mete fen nan diskriminasyon kont moun yo adopte toupatou nan eta a epi mwen remèsye Senatè Velmanette Montgomery paske l te pote pwojè lwa sa a nan Sena a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)